

BASA INDUNG CICIREN HIJI BANGSA

Ku

Maman Suryatman

Salah sahiji organisasi di PBB di bidang Pendidikan, ilmiah jeung kabudayaan UNESCO dina konferensi umum tanggal 17 Nopember 1999 netepkeun yen tanggal 21 Pebruari minangka Poe Basa Indung Sadunya. Rarancang poe basa indung sadunya teh kailhaman ku urang Banglades memeh pisah ti Pakistan. Urang Banglades teu bisa laluasa ngagunakeun jeung mekarkeun budayana sorangan lantaran disengker pisan ku Pamarentah Pakistan, kaasup dina basa Bangla, basa asli urang Banglades.

Salian ti kailhaman ku urang Banglades, UNESCO oge mang hariwangkeun pisan basa indung dina hiji mangsa bakal musnah, hal eta dumasar kana kanyataan nu aya yen basa indung geus mimiti ditinggalkeun, nu makena beuki lila beuki ngurangan kadeseh ku basa nasional jeung basa internasional. Loba masyarakat nu ngarasa teu perlu ngagunakeun jeung bisa kana basa indung, sabab dina hirup kumbuh nu leuwih lega basa nasional jeung basa internasional leuwih loba digunakeun, salian ti eta aya nu ngarasa basa indung teh dianggap kuno, jadul, kurang gaul.

Numutkeun UNESCO, basa teh puseur kahirupan social, ekonomi, jeung budaya. Ku kituna, UNESCO nganggap penting poe basa indung sadunya dipieling tiap taun-na, tujuannan taya lian pikeun mupusti basa daerah di sakuliah dunya sangkan henteu tumpur/musnah, lantaran unggal tujuh poe sakali aya bae hiji basa indung anu tumpur.

Hasil panalungtikan David Crystal dina bukuan *Language Death (Kematian Bahasa)*, dina jero saratus taun ka hareup, tina 6.000-an basa nu aya di dunya kiwari nu masih keneh di pake, dipikirakeun 50 tepi ka 90 % bakal musnah.

Nurutkeun UNESCO, di dunya kiwari aya 2.500 basa indung nu keur nuju kana kamusnahan, alatan teu dipake deui/ditinggalkeun ku seke selerna sorangan.

Pikeun nanjeurkeun jeung ngamumule basa indung Pamarentah Provinsi Jawa Barat ngaluarkeun Peraturan Daerah (Perda) Nomor 5 taun 2003, ngeunaan miara basa, sastra, jeung aksara daerah. Pamarentah Jawa Barat oge geus netepkeun muatan local basa Sunda di tingkat pendidikan dasar (SD, SLTP) tepi ka tingkat SLTA, sarta aya sababaraha daerah tingkat II anu ngawajibkeun pagawe nagri dina saminggu, sapoe di kudukeun make basa sunda, ieu tarekah sanajan tacan katingali hasilna, minimal aya upaya pikeun mengamumule basa sunda sarta dipiharep tarekah ieu leuwih lega aweuhanana, ngawengku ka sakabeh masyarakat nu aya di tatar sunda.

Merhatikeun naon anu di unglapkeun di luhur, sanajan ceuk UNESCO basa indung dianggap tumpur lamun seug panyaturna atawa masyarakat anu makena kurang ti 100 rebu jalma, sedengkeun panyatur nu ngagunakeun basa sunda kurang leuwih 17 juta jalma, jadi ari ceuk itungan matematis-mah jajauheun kana tumpur, tapi tetep aya kahariwang dina diri, hiji mangsa basa sunda baris kubra, sabab urang sundana sorangan dina ngamumule basa sunda kurang daria, beda jeung urang jawa anu leuwih reueus kada budayana. Urang sunda kurang reueus kana budaya sarta basana sorangan, teu saeutik urang lembur nu sakola ka kota, siga nu seungguh ngagunakeun basa sunda. Samalah Bapa Sunda, Indung Sunda, lingkungan Sunda, tapi di kulawargana ngajarkeun/ngagunakeun basa sunda. Naha ieu teh salah sahiji nu dipikasioeu ku para ahli mangrupikeun ciciren yen basa sunda baris carem/kubra. Teu mustahil dina hiji waktu basa sunda musnah seperti basa Yunani, Ibrani, Sangsekerta, Rum nu geus lewih tiheula kubra.

Lain sim kuring anti nasionalisme atawa anti globalisasi, tapi na geuning ari bangsa deungeun mah loba nu merhatikeun, ngarulik, diajar kabudayaan nu aya di urang, samalah anyar keneh aya rombongan pelajar ti nagri Canada lobana 15 urang datang ka Subang rek diajar kabudayaan nu aya di wewengkon subang. Naha ari urang anu boga eta budaya siga nu teu malire kana kamekaran budaya sorangan. Moal aya tunggal ika lamun henteu aya bhineka, sabab ari basa katut budaya mangrupikeun ciri ayana hiji bangsa, moal disebut bangsa Indonesia lamun dijerona teu aya seke seler atawa budaya sunda, jawa, bali, batak, jrrd.

Tarekah anu geus dilakukeun ku UNESCO pikeun miara basa indung ngaliwatan poe indung sadunya, sarta usaha pamarentah provinsi Jawa Barat ngaliwatan Perda-na, perlu pisan kuurang disambut kalayan kagumbiraan sarta urang salaku masyarakat khususna urang sunda kudu ngarojong kana ieu kawijakan, mugia kahareupna di Kota Sukabumi aweuhan poe basa indung sadunya dina tiap tanggal 21 Pebruari diayakeun pangeling – ngeling anu leuwih lega ambahanana sarta dieuyeuban kagiatan – kagiatan anu ngalibatkeun masyarakat, samisal lomba ngadongeng basa sunda pikeun sakola SD, SLTP, SLTA, Mahasiswa jeung masyarakat, lomba nulis basa sunda, lomba pidato basa sunda, lomba kasenian sunda jrrd. Atuh dilingkungan pamarentahan bisa dicoba rapat – rapat ngagunakeun basa sunda, sanajan loba pajabat nu lain urang sunda, tapi moal disebut bisa jeung teu bisa ngagunakeun basa sunda lamun henteu dicoba, sarta salilana moal bisa lamun teu dibiasakeun.

Pikeun narekahan sangkan basa indung tetep nanjeur sarta mekar kaasup basa sunda, kudu aya kasadaran ti seke seler-na sorangan pikeun miara, micinta jeung mupusti kana budayana, ieu mangrupikeun tugas urang salerea supaya entragan ngora, barudak sakola ngarasa reueus kana basa na sorangan, lamun ieu udagan geus kahontal tong hariwang basa sunda bakal kubra.